

SS.7.C.3.11

Diagram nivo yo, fonksyon yo, ak pouvwa yo ki nan tribinal yo nan nivo eta a ak federal la.

Epitou Evalye

SS.7.C.2.6 - estimile pwosesis esè a ak wòl nan jiri yo nan administrasyon jistis la.

SS.7.C.3.11 Klarifikasyon sou Nosyon Fondamantal 3: Etidyan yo ap konpare pwosesis dapèl ak jijman yo.

Jijman ak pwosesis dapèl yo trè diferan. Anba a se yon revizyon tou kout nan de kalite sa yo nan pwosè tribinal la.

Pwosesis nan yon Jijman Kriminèl

Lè lapolis yo fè yon arestasyon, yo chaje sispèk yo avèk yon krim epi yo enfòmè yo sou dwa yo (akoz de rezilta ka Lakou Siprèm **Miranda vs Arizona** an 1966, gade Nosyon Fondamantal 3.12). Sispèk yo lè sa a, ale nan tribinal pou tande akizasyon yo pote kont yo e pou yo koute desizyon jij la sou sa ki pral rive aprè. Yo mande sispèk yo pou yo pledwaye. Yo ka plewaye ke yo koupab, yo pa koupab, oswa yo pa reponn (ki vle di ke sispèk la pa dakò avèk chaj la).

Pandan yon jijman **kriminèl**, gen kat etap jeneral:

1. Etap 1: Ni **pouswit jidisyè** a ak ni **defans la**, tou de bay diskou ouvèti pou di jij la ak jiri yo bò istwa pa yo nan ka-a. Pouswit jidisyè a toujou reprezante gouvènman an ak moun ki viktim nan krim lan nan yon **dosye kriminèl**. Defans la toujou reprezante moun yo chaje avèk krim lan.
2. Etap 2: Chak bò rele temwen pou bay temwayaj (repons bay sou sèman) nan ka-a. temwen sa yo, yo **egzamine tou de kòtakòt**.
3. Etap 3: Yon fwa yo fín kessyone tout nan temwen yo, pouswit jidisyè a ak defans la bay fèmte diskou yo epi yo mande jiri a pou pran yon desiyon an favè yo.
4. Etap 4: Manm **jiri** yo kite sal tribinal la pou fè deba (pou diskite sou prèv nan ka a). Lè yo rive jwenn yon desizyon inanim (ki vle di ke tout moun sou jiri a dakò), yo anonse vèdik yo (desizyon yo pran sou ka a).

Pwosesis nan yon Jijman Sivil

Ka sivil enplike diskisyon ant moun oswa gwoup moun kote pa gen lwa kriminèl ki vyole. Lè yon ka sivil ale nan tribinal la, yo rele sa yon pwosè, ki se yon aksyon legal kote yon moun oswa yon gwoup rele yon moun nan leta pou kolekte domaj (yon rekonpans lajan) pou kèk mal ki te fèt. **Pleyan** an nan yon pwosè sivil se moun lan oswa yon gwoup ki ranpli pwosè a, e **akize** a se moun lan oswa gwoup la ke yo rele nan leta a.

Pandan yon jijman sivil (pwosè), gen kat etap prensipal:

1. Ka yo kòmanse lè yo depoze yon plent (yon deklarasyon fòmèl, yo nonmen moun ki konsène yo ak dekri rezon pou fè pwosè a).
2. Aprè sa, tribinal la voye yon sitasyon (yon dokiman ki di defandan yo ke gen yon pwosè kont yo e bay yo lòd pou yo parèt nan tribinal). Akize a reponn a pwosè a nan yon pledwaye ki eksplike bò istwa pa yo nan ka-a.
3. Aprè sa, se dekouvèt pwosesis la. Dekouvèt vle di ke avoka pou pleyan an ak akize a tcheke prèv yo ak ranmase evidans pou ka-a.

4. Finalman, yon **jij** oswa yon jiri tande pwosè a. Si gen yon jiri, desizyon an ap pran sou prèv ak evidans nan ka-a. Lè se yon jij sèlman ki tande ka a, desizyon jij la rele yon **jijman rezime**.

Pwosesis Dapèl

Tribinal Dapèl gen **jiridiksyon dapèl**, ki vle di ke yo ka revize desizyon e si desizyon tribinal ki pi ba a, moun lan oswa gwoup la ki patisipe a kwè tribinal la te aji enjisteman. Apèl ka rive si (1) si jij tribinal pi ba a mal aplike lwa a, (2) jij tribinal pi ba a mal itilize pwosedi yo, (3) nouvo prèv vîn parèt, oswa (4) yo te vyole dwa yon moun. Tou depan de ki kalite ka, prèv, ak agiman nan tou de bò yo, tribinal dapèl la deside ki ka ke yap tande. Tribinal Dapèl pa kenbe ka yo. Olye de sa yo tande agiman oral ke tou de bò yo fè - petisyonè a (moun ki pat dakò ak desizyon anvan yo) ak defandè a (moun ki te dakò ak desizyon anvan yo). Lè sa a, jij yo ka fè youn nan twa bagay sa yo: (1) defann (dakò ak) desizyon orijinal la, (2) ranvèse desizyon an (jwenn nan favè petisyonè a), oswa (3) retounen ka a nan tribinal ki pi ba a.

Panèl twa oswa plis jij dapèl revize ka a ke yo te fè apèl la, e pran yon desizyon pa yon vòt majorite. Desizyon Tribinal Dapèl la se dènye desizyon an sòf si yo fè apèl a Lakou Siprèm peyi Etazini an. *Jij tribinal dapèl yo pa deside sou kilpabilite oswa inosans*. Yo deside si dwa petisyonè a te pwoteje ak si petisyonè a te jwenn yon pwosè ki jis.

akize - moun ki reponn aksyon legal yon pleyan

defans - moun ki reponn aksyon legal yon pwosekitè

egzaminen kòtakòt - keksyon ke yo poze yon temwen kòtakòt ak bò pati ki pat rele temwen an

jij - yon ofisye piblik ki deside sou kesyon ki konparèt devan yon tribinal

jijman rezime - yon jijman pou deside nan yon tribinal jijman san ka a pa ale nan jijman; yon jijman rezime se yon tantativ pou pa kite ka a ale nan jijman

jiri - yon gwoup sitwayen ki sèman pou bay yon vèdik ki jis daprè prèv ki prezante nan yon tribinal lalwa

jiridiksyon dapèl - pouvwa pou tande ka dapèl ki te jije nan tribinal pi ba yo

ka kriminèl - yon ka ki enplike yon moun ke yo te akize ki komèt yon aktivite ilegal

ka sivil - yon ka ki enplike dwa yon sitwayen

Miranda v. Arizona – Ka Lakou Siprèm Etazinizi yo pou kenbe Senkyèm Amannman an ki se pwoteksyon kont akizasyon pwòp tèt ou

pleyan - moun ki pote mezi legal kont yon lòt moun nan yon pwosè sivil

pouswit jidisyè - moun ki pran mezi legal kont yon lòt moun nan yon pwosè kriminèl